



Pou Piblikasyon Imedya: 2/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GRADYASYON 38 GAD FORÈ ETA NEW YORK

Rekri yo rantre nan ran Divizyon Pwoteksyon Forè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la

Gad Forè ki responsab pou pwoteje kominote ak resous natirèl New York yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 38 nouvo gradye nan 23èm Lekòl Debaz pou Gad Forè Eta New York yo. Nan kad Divizyon Pwoteksyon Forè (Division of Forest Protection) Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation), Gad Forè New York yo pwoteje resous natirèl ak kominote eta yo epi yo pare pou sipòte eta atravè peyi a an fas ijans tankou dife sovaj. Seremoni ki te fèt nan Lake Placid maten sa a te selebre gradye ki soti nan tout Eta New York ki te swiv gwo fòmasyon fòs lòd yo ak resous natirèl yo nan premye ansanm ak sou teren an.

"Soti nan sekouri randonè ki pèdi oswa ki blese rive nan konbat ensandi isit nan New York ak atravè nasyon an, Gad Forè devwe nou yo regilyèman mete tèt yo an danje pou pwoteje kominote nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen bat bravo pou nouvo klas Rangers sa a pou travay di yo pou yo konplete yon rejim fòmasyon ki trè difisil pandan y ap rantre nan ran plizyè santèn lòt ofisyè k ap kontinye pwoteje Nouyòkè yo ak resous natirèl ki gen anpil valè nou yo chak jou."

Pandan sis dènye mwa yo, rekri yo te patisipe nan yon gwo fòmasyon nan kanpis Kolèj Syans Anviwònmantal ak Forestry (College of Environmental Science and Forestry) Inivèsite Eta New York (State University of New York College, SUNY) nan vilaj Wanakena ak Huntington Wildlife Forest nan vil Newcomb. Premye 40 Gad rekri yo ki te antre nan akademi an nan mwa me a te resevwa fòmasyon nan yon pakèt teknik sovaj - ki gen ladan sekou kòd - epi yo te resevwa yon gwo fòmasyon nan sipresyon ensandi, ensandi kontwòl, sekou dlo ak pwoteksyon bèt sovaj, pami lòt konpetans yo. 38 gradye pral rantre nan fòs Gad Forè Eta a pou yon total 159.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la, Basil Seggos, te deklare, "Mwen trè fyè de moun ki te chwazi antreprann fòmasyon solid ak travay di a pou vin Gad Forè epi kontinye tradisyon fyè ki te premye kòmanse nan fen ane 1800 yo pou pwoteje anviwònman New York ak piblik la. Mwen swete nouvo Gad Forè sa yo siksè pandan y ap antre nan karyè nòb, estimilan, ak epanouyisan sa nan sèvis Eta a."

Direktè Divizyon Pwoteksyon Forè (Division of Forest Protection) Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la, John Solan, te deklare, "Fè patwouy nan plis pase de milyon akta tè atravè eta a, Gad Forè nou yo dedye pou asire ke piblik la kapab jwi gwo aktivite eksteryè nou yo san danje pandan y ap pwoteje resous natirèl presye Eta a. Gad Forè nou yo ale odela apèl devwa yo isit la nan New York epi menm ede lòt eta lè yo itilize gwo fòmasyon yo pou edekonbat ensandi aklòt ajans fòs lòd yo pou ede jwenn moun ki disparèt yo oswa moun oswa lòt sèvis piblik. Mwen kontan anpil paske mesye sa yo ak fanm sa yo rejwenn nou."

Lè yo gradye, rekri yo resevwa zòn patwouy epi antre nan ran Gad Forè k ap sèvi kounye a atravè eta a. An 2021, Gad Forè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la te fè 426 misyon rechèch ak sovtaaj, etenn ensandi, te patisipe nan ensandi kontwòle ki te sèvi pou rajenisman de santèn ekta tè ak travay sou ka ki te lakòz plizyè santèn tikè oswa arestasyon. Pou plis enfòmasyon sou Gad Forè Eta New York State yo, vizite sitwèb Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la nan <https://www.dec.ny.gov/regulations/41086.html> ak <https://www.dec.ny.gov/about/732.html>

Anba a se list gradye nan 23èm Lekòl Debaz pou Gad Forè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la:

Matthew P. Adams, Lake Clear
Gregory M. Bowler, Saranac Lake
Ashly M. Carabetta, New Rochelle
Nicholas K. Caswell, Warrensburg
Kaitlyn E. Clute, Saratoga Springs
Alexander M. Cooley, Oswego
David P. Corey, Tupper Lake
Peter J. Dempf, Bethlehem
Sean P. Dixon, Watertown
Audrey P. Emerson, Greig
Charles R. Foutch, Syracuse
Aaron D. France, Schoharie
Chelsea L. Geyer, Northville
Mary E. Greagan, Bethlehem
Robert G. Hamm, Pittstown
Michael E. Holdridge, Peru
Erich F. Horn Jr., Kingston
Jacob C. Jansen, Tupper Lake
Nathaniel S. Laymon, Ilion
Jacob R. Maxwell, Chittenango
Michael D. Miller, Branchport
Evan R. Nahor, Long Lake
Allison M. O'Connell, Lake Pleasant
Patrick J. Odell, Keene Valley

Joseph G. Ordway, Canisteo
Christopher J. Pelrah, Constantia
Seamus K. Peterson, Hicksville
Paul D. Quinones, Saratoga Springs
Jane C. Raffaldi-Smith, West Hurley
Ryan E. Richer, Horseheads
Allison M. Rooney, Keene
Aubrey M. Russo, Patchogue
Timothy J. Schweider, Lindenhurst
Neilson J. Snye, Tupper Lake
Tanner D. Stone, Schroon Lake
Nicholas D. Streczywilk, Cheektowaga
Dustin T. Vaile, Camden
Jacqueline K. Waligory, King Ferry

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418